**दिन—वृहस्पति** **दिनांक—23.05.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

लोकसभा चुनावक छठम चरणक मतदानक लेल प्रचारक जोर—शोर आइ सांझ थमि गेल। एहि चरणक अंतर्गत राज्यक आठ संसदीय क्षेत्र—वाल्मीकिनगर, पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण, शिवहर, वैशाली, गोपालगंज, सीवान आ महाराजगंज मे पच्चीस मई कऽ मतदान होयत। प्रचारक अंतिम दिन सभ दल आ गठबंधनक नेता, स्टार प्रचारक आ उम्मीदवार सभ जनता के अपन समर्थन मे करबाक लेल अंतिम जोर लगा देलनि। भाजपाक वरिष्ठ नेता आ उत्तरप्रदेशक मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ पश्चिम चंपारणक सुगौली मे भाजपा उम्मीदवार संजय जायसवालक समर्थन मे चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि। एम्हर, राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी यादव आइ पूर्वी चंपारणक बनकटवा आ गोविन्दगंज, पश्चिम चंपारणक पतीलार, महाराजगंजक भगवानपुर आ मांझी क्षेत्र मे चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि। प्रचारक अंतिम घंटा मे विभिन्न संसदीय क्षेत्र मे प्रत्याशी सभक द्वारा रोड शो आ जन संवाद कयल गेल।

---

छठम चरण मे छियासी उम्मीदवार चुनाव मैदान मे छथि। सीवान लोकसभा सीट पर त्रिकोणीय मोकाबिला अछि। आन सात सीट पर मुख्य मोकाबिला एनडीए आ इंडी गठबंधनक उम्मीदवार सभक मध्यम मानल जा रहल अछि। वाल्मीकिनगर मे जदयूक सुनील कुशवाहा आ राजदक दीपक यादव आमने सामने छथि। पूर्वी चंपारण मे भाजपाक राधा मोहन सिंह आ वीआईपीक राजेश कुमारक मध्य मोकाबिला अछि। पश्चिम चंपारण मे भाजपाक डॉक्टर संजय जायसवाल आ कांग्रेसक मदन मोहन तिवारी आमने सामने छथि। शिवहर मे जदयूक लवली आनन्द आ राजदक रितु जायसवालक मध्य मुख्य मोकाबिला अछि। वैशाली मे लोक जनशक्ति पार्टी—रामविलासक वीणा देवी के राजद के मुन्ना शुक्ला चुनौती दऽ रहलाह अछि। गोपालगंज मे जदयूक आलोक कुमार सुमन आ वीआइपीक प्रेमनाथ चंचल के मध्य मुख्य लड़ाई अछि। महाराजगंज मे भाजपाक जनार्दन सिंह सिग्रीवाल आ कांग्रेसक आकाश कुमार सिंह के मध्य सोझे टक्कर अछि। ओतहि, सीवान मे जदयूक विजयलक्ष्मी देवी, राजदक अवध बिहारी चौधरी आ निर्दलीय हिना शहाब के मध्य त्रिकोणीय मोकाबिला मानल जा रहल अछि।

---

लोकसभा चुनावक सातम चरणक लेल सेहो प्रचार तेज भऽ गेल अछि। सातम आ अंतिम चरण मे राज्यक आठ संसदीय क्षेत्र नालंदा, पटना साहिब, पाटलिपुत्र, आरा, बक्सर, सासाराम, काराकाट आ जहानाबाद मे एक जून कऽ मतदान होयत। भाजपाक वरिष्ठ नेता आ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी छब्बीस मई कऽ काराकाट, बक्सर आ पाटलिपुत्र संसदीय क्षेत्र मे एनडीए प्रत्याशी सभक समर्थन मे चुनावी सभा के सम्बोधित करताह। एहि सँ पहिने भाजपाक वरिष्ठ नेता आ केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह चौबीस मई कऽ आरा मे भाजपा उम्मीदवार आर के सिंह के समर्थन मे चुनावी सभा के सम्बोधित करताह। ओतहि, भाजपा अध्यक्ष जे. पी. नड्डा के छब्बीस मई कऽ काराकाट, नालंदा आ आरा संसदीय क्षेत्र मे चुनावी सभा के सम्बोधित करबाक कार्यक्रम अछि।

---

मधुबनी लोकसभा सीटक अंतर्गत अबएवला दरभंगा जिलाक जाले प्रखंड मे एक मतदान केन्द्र पर फर्जी मतदानक आरोपी के थाना सँ छोड़ाए लेबाक मामिला मे पुलिस दू आरोपी के गिरफ्तार कयलक अछि। ओतहि, बाईस आन नामजद आरोपी सभ के गिरफ्तारीक लेल छापामारी कयल जा रहल अछि। बीस मई कऽ मधुबनी लोकसभा क्षेत्र मे मतदानक दरमियान फर्जी मतदानक मामिला सोझा आयल छल।

---

महात्मा बुद्ध के दू हजार पाँच सय अड़सठिम जयंती समारोह बुद्ध पुर्णिमा आइ श्रद्धा आ उल्लासक संग मनाओल जा रहल अछि। ई दिन भगवान बुद्ध के जन्म, बोधगया मे हुनक ज्ञान प्राप्ति आ कुशीनगर मे महापरिनिर्वाण सँ जुड़ल अछि। एहि अवसर पर महात्मा बुद्ध के निर्वाणस्थली बोधगया मे विशेष समारोहक आयोजन कयल जा रहल अछि। बोधिमंदिर मे विशेष पूजा–अर्चनाक आयोजन कयल गेल। जाहि मे देश–विदेश सँ श्रद्धालु सम्मिलित भऽ रहलाह अछि। राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर आइ मंदिर परिसर मे पूजा–अर्चना कयलनि। एहि अवसर पर श्रद्धालु सभ के सम्बोधित करैत श्री आर्लेकर कहलनि जे युद्ध दिस अग्रसर विश्व मे आइ भगवान बुद्ध के संदेश सभक व्यापक प्रचार–प्रसार कयल जयबाक चाही।

---

छपरा मे दू राजनीतिक दलक समर्थक सभक मध्य हिंसक झड़प आ हत्याक मामिला मे चारि अलग–अलग प्राथमिकी दर्ज कराओल गेल अछि। हत्याक मामिला मे दर्ज प्राथमिकी मे बारह लोक के नामजद अभियुक्त बनाओल गेल जखनकि तीन आन एफआईआर मे पचास अज्ञात लोक सभ के आरोपी बनाओल गेल अछि। सारणक पुलिस अधीक्षक गौरव मंगला जनौलनि जे हत्याक मामिला मे दू लोकक गिरफ्तारी भऽ गेल अछि। ओ जनौलनि जे प्रभावित क्षेत्र मे स्थिति तेजी सँ सामान्य भऽ रहल अछि। एहतियात के तौर पर प्रभावित क्षेत्र मे इंटरनेट सेवा पच्चीस मई धरि बंद कऽ देल गेल अछि। एम्हर, घटना के लऽकऽ राजनीतिक आरोप–प्रत्यारोपक दौर सेहो आरम्भ भऽ गेल अछि। भाजपाक प्रतिनिधि मंडल निर्वाचन आयोग सँ राजद नेता भोला यादव के विरूद्ध आचार संहिता उल्लंघनक मामिला मे कार्रवाई के मांग के लऽकऽ एक ज्ञापन सौंपलक अछि।

---

राजधानी पटनाक सहित प्रदेशक अधिकांश भाग मे मौसम नीक अछि। नमीयुक्त पूरबा हवाक प्रभाव सँ प्रदेशक उत्तर–मध्य आ उत्तर–पूर्व भाग मे अनेक स्थान पर हल्का सँ मध्यम स्तरक वर्षा दर्ज कएल गेल अछि।

---

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।